

# FEMA Bay Asistans pou Kontinye Lwaye nan Kawolin di Nò

Release Date: Feb 4, 2025

Release Number: 030

FEMA te ede plis pase 2,700 aplikan ak plis pase \$7.6 milyon asistans pou lwaye. Sivivan Tanpèt Twopikal Helene ki te resevwa premye asistans pou lwaye nan men FEMA ka elijib pou kontinye asistans pou lokasyon.

## Elijibilite

Kimoun ki kapab elijib pou resevwa asistans lwaye kontinyèl si ou:

- Te resevwa asistans pou lokasyon epi yo ka montre ou te itilize lajan sa a pou peye pou lojman tanporè.
- Pa ka retounen lakay ou paske li pa an sekirite pou w abite oswa li pa disponib ankò.
- Pa gen mwayen pou peye pou lojman tanporè epi yo pa resevwa èd nan men lòt pwogram lojman oswa non- pwofi.
- Etabli yon plan lojman pèmanan epi kontinye montre w ap travay pou atenn objektif sa yo.

## Kijan pou Aplike

Pou aplike pou asistans pou lwaye kontinye mande de etap senp yo:

1. Ou dwe ranpli yon Aplikasyon pou Asistans pou Lojman Tanporè Kontinye. Pou mande fòm sa a, rele Liy Èd FEMA nan 800-621-3362.
2. Tanpri soumèt dokiman sa yo ak aplikasyon ranpli a:
  - Yon kopi kontra lwaye oswa kontra lokasyon aktyèl ou. Kontra lwaye a oswa akò lokasyon an dwe gen ladan adrès inite lokasyon an, montan lajan lwaye a, longè kontra lwaye a, kantite moun ki abite ak siyati mèt kay la ak lokatè a.



**FEMA**

Page 1 of 2

- Dokiman ki montre asistans pou lokasyon ou te itilize anvan yo te itilize pou lojman tanporè, tankou resi lwaye ak sèvis piblik yo.
- Dokiman (souch peman, benefis pou chomaj oswa sekirite sosyal) ki montre revni aktyèl pou tout moun lakay ou ki gen 18 an oswa plis.
- Dokiman ki montre depans lojman aktyèl yo pou kay ou anvan katastwòf la, sèlman si ou toujou responsab pou depans sa yo. Pa egzanp, yon pwopriyete kay ka toujou ap peye yon ipotèk, asirans, oswa sèvis piblik pou kay li anvan katastwòf la.

## Ki kote pou Aplike

Tanpri siyen aplikasyon an epi retounen li bay FEMA, avèk tout dokiman yo mande yo:

- Pa lapòs nan FEMA, P.O. Box 10055, Hyattsville MD 20782-8055
- Pa Faks nan 800-827-8112
- Lè w soumèt bay anplwaye FEMA nan yon Sant Rekiperasyon Dezas. Jwenn sant rekiperasyon ki pi pre w la lè w vizite paj lokalizatè DRC FEMA a nan <https://DRCLocator>.

FEMA pral evalye demann lan pou detèmine si w kalifye. Li enpòtan pou kenbe FEMA ajou ak enfòmasyon kontak ou ak sitiyasyon lojman.

